

Lekòl Primè Pemberton
Kontra “Patnè K ap Aprann” 2018/2019
Akò Lekòl-Fanmi-Elèv pou Amelyore Siksè Elèv la

Lekòl

Manm estaf yo pral disponib epi pral kominike ak fanmi yo konsènan pwogrè elèv la atravè imèl, telefòn, konferans, rapò pwogrè, kane skolè, oubyen kaye ajannda, si genyen demann.

- Bay paran opòtinite pou volontè epi patisipe nan divès kalite aktivite, ki enkli revizyon Kontra.
- Bay opòtinite pou paran patisipe nan atelye. (Nwit Fanmi pou Lekti ak Matematik ak Atelye Paran).
- Angaje paran nan desizyon konsènan lekòl ak règ akademik yo. (PAC ak ILT).
- Eksplike sa n espere nan sans enstriksyonèl ak nan kondwit pou elèv yo.
- Itilize statistik yo pou n gide elèv yo aprann ak yon kourikoulòm solid.
- Bay opòtinite ki pou konfwonte bezwen divès nan elèv k ap aprann.
- Bay opòtinite pou aktivite STEM yo.

Fanmi

- Tcheke Katab Madi yo ak ajannda elèv yo.
- Swiv pwogrè pitit mwen epi kontakte pwofesè l ak nenpòt keksyon.
- Patisipe nan konferans lekòl yo ak evènman ki planifye pandan ane a.
- Asire ke pitit mwen ale lekòl regilyèman.
- Espere ekselans epi ankouraje pitit mwen.
- Angaje nan pratike fe matematik yo epi li chak swa.
- Tcheke devwa lakay chak swa.
- Pase tan ap pale ak pitit mwen konsènan lekòl la.



Elèv

- Pataje travay lekòl mwen, not, biltèn, ak Katab Madi yo ak fanmi mwen
- Chak swa, pale konsènan sa m te aprann nan lekòl la jou sa a.
- Konplete devwa lakay mwen epi etidye pou egzamen.
- Poze keksyon nan lekòl la si m pa konprann.
- Moutre respè lè ou swiv règ lekòl yo. Toujou moutre Respè, Reskonsab, Sennesòf, epi prepare pou lekòl la chak jou.
- Fè pi bon efò ke m kapab.
- Fè revizyon fe matematik yo epi li chak swa.



Bi nou se pou n genyen yon plas kote genyen ekselans akademik pou tout elèv yo. Nou pral amelyore pèfomans elèv yo ak nouvo ide ak teknik. Nou konnen tout timoun yo genyen kapasite pou aprann. Pou n kapab akonpli bi sa, nou vle ankouraje koperasyon ant estaf, paran, ak kominote a pou ede elèv yo fè pi bon efò ke yo kapab. Nou tout deside ke n vle wè tout timoun yo rive jwenn siksè. Revize an Me 2018.